# “Qaraqalpaqtan” posyolkasında xalıq mashqalaları úyrenildi

Xalıqtıń mashqalaların úyreniw, olardıń búgingi kúninen razı bolıp, jaqın keleshekke úlken isenim menen qarawı ushın qolaylı sharayatlar jaratıw, xalıqtı social-ekonomikalıq qollap-quwatlaw búgin mámleketlik uyımlar aldındaǵı áhmiyetli máselelerden biri sanaladı. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi tárepinen eń ullı hám eń áziyz bayramımız – mámleketimiz ǵárezsizliginiń 30 jıllıq bayramına tayarlıq kóriw maqsetinde Qaraqalpaqstan Respublikası bajıxana basqarması baslıǵı O.Xojimatov Qońırat rayonına juwapker etip bekitildi.

Image not found or type unknown

Atap ótiw orınlı, jıl basınan usı posyolka turǵınlarınan veb-sayt, Prezident qabıllawxanası, xalıq qabıllawxanası, isenim telefonları hámde  kóshpeli qabıllawlar arqalı jámi 110 murájat kelip túsken bolıp, olardıń kópshiligi bántlik hám miynet qatnasıqları hámde qarjılantırıw tarawlarına baylanıslı bolıp tabıldı.
Sonnan 33  murájat jumıs ornı menen  támiynlew, 9 murájat sociallıq qorǵaw napaqaların alıw boyınsha, 8 murájat bilimlendiriw máseleleri boyınsha bildirilgen bolıp, bank kreditlerı hám mámleketlik uyımlar xızmetkerleri iskerliginen narazılıq boyınsha 7 murájat, májburiy orınlaw, aliment hám qarız summaların óndiriw boyınsha 6, mámleketlik pensiya támiynatı hám isbilermenlik máseleleri boyınsha jámi 4  murájat kelip túsken.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Nókis qalasınan 430 km aralıqta jaylasqan alıs “Qaraqalpaqstan” posyolkasında respublika bajıxana basqarması tárepinen ótkerilgen búgingi kóshpeli qabıllawda  aymaq turǵınlarınıń murájatlarında sáwlelengen jumıs penen támiynleniw, den-sawlıqtı saqlaw, elektr energiyası, kadastr hám gaz támiynatındaǵı mashqalalar, sonday-aq, jaslardı oqıtıw hám sociallıq qorǵaw menen baylanıslı murájatları tolıq úyrenip shıǵıldı. Wákillik

sheńberindegi murájatlar unamlı sheshildi, qosımsha úyreniw talap etiletuǵın murájatlar boyınsha tiyisli juwapker shólkemler menen birgelikte aymaqta ótkeriletuǵın is-ilájlar belgilep alındı.

Qaraqalpaqstan Respublikası bajıxana basqarması
Málimleme xızmeti